Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 15 (9975) 12 апрель 2024 с. / Рузман 4 шаввал 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

## КIалбиччаялъул къоялда хурхун...

Районцоязда лъала ахириял соназ цо-цо байрамазда цересел къояз яги тIощел бакIарун хадусеб заманалда росдал магIишаталъул ярмаркаби тIоритIи гIадатлъун лъугьун букIин. Гьединал ярмаркабазул цояблъун букIана 6 апрелалда Дилим росдал аслияб байданалда тIобитIарабги.



Районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул бихьизабиялда рекъон ва росдал магIишаталъул управлениялъул хIаракаталдалъун тIобитIараб гьеб тадбиралъул *«ЧIахъаги, кIалбиччаялъул Къоялда хурхун, тIобитIулеб росдал магIишаталъул ярмарка»* ахIиялъго бицунеб букIана кинаб байрамалде гьеб тIобитIулеб бугебали.

Гьава- бакъалъул рекъей букIинчIониги (гьеб къоялъул радал гIисинго щенолеб цIад букIана), радалго байданалде рачIунел рукIана техникагун районалъул магIишатазул вакилзаби.

Бихьулеб букIана гьел щиб магIишаталъул кколелали. СанагIалъи бугеб бакIалда техникаги лъун, гьез цере рахъулел рукIана жидер магIишатазда гIезарулел ва хIадурулел кванил нигIматал. Гьездаго цадахъ, гьай-гьай, гьенире гIадамалги рачIунел рукIана. Гьале, тадбиралда гIахьаллъизе рачIана районалъул администрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул ва цогидал гIуцIабазул жавабиял хIалтIухъаби.

Ярмарка рагьиялъе гьениб рагIи кьуна районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасе. Гьес абуна: *«ТIоцебесеб иргаялда, дица районцоязда баркула тIаде щолеб кIалбиччаялъул Къо. Гьарула тIолазего щулияб сахлъи, рохел, талихI ва лъикIабщинаб. Аллагьас къабул гьареги нилъеца ккурал кIалал, гьабураб гIибадат ва гьарурал лъикIал ишал.*

*ГIадатлъун лъугьун буго кIалбиччаялъул къоялде ярмарка тIобитIи. Гьениб гIадамазе рес щола, базаралъул багьаялдаса гIезегIан учузго (15-30%), хIажатал кванил нигIматал росизе.*

*Нилъеда бихьула гьаб ярмаркаялда гIезегIанаб къадар магIишатиял гIуцIабазулги гIадамазулги гIахьаллъулеб букIин. Дида ракIалде ккола гьаб тадбир гIадамазе хIажатаб заманалда тIобитIулеб бугин ва гьелъул гьезие цIикIкIараб пайдаги букIинин»*, -ан.

Районалъул 25 магIишаталъ гьениб цебе бахъун букIана 30-ялдаса цIикIкIараб кванил нигIмат (гьан, рахь, хIан, тIорахь, нисо, гьоцIо, картошка, гъапустIан, пиринчI, ламадур, пер, гIеч, ччугIа ва гь.ц.).

Ярмаркаялде рачIараз цоцазде бицунелдаса бичIчIунеб букIана гьезда гьениб жидее хIажатал кванил нигIматазул гIезегIанаб къадар батараблъиги, гьезул качествоялдаги, багьабаздаги гьел рази рукIинги. Цоги, абичIого гIоларо, ричизе цере рахъарал нигIматазул цIакъ дагьаб къадар гурони, нахъеги инчIин.

Узухъда, гIадамаз бищунго цIикIкIун гьениб гьан босулеб букIана. Гьаб соналъ, цогидал соназде дандеккун, гьелъул къадарги цIикIкIараб букIана (3 тоннагун бащдалде гIагарун). Гьенире рачIарал гIадамазул къадаралдеги гьез босулеб продукциялдеги балагьун, бичIчIунеб букIана, ХI. Мусаевас абухъего, ярмарка районалъул гIадамазе гIезегIанго пайдаяблъун букIараблъи.

## ТIоцебесеб данделъиялда...

ЧIахIияб гIелалда гьеб лъикI лъала, СССРалъул заманалда улкаялъе нухмалъулез кIудияб кIвар кьолаан гIолеб гIелалъе лъай, патриотикияб тарбия кьеялде. Школалде лъугьарабго, цIалдохъабазе *«октябратал»*-ан цIарги кьун, байбихьулаан гьел коммунистическияб идеологиялъулъе цIазе, хадусан гьезие *«пионерал»*-ан, *«комсомольцал»*-ан цIарал кьолаан.

Большевиказда, хадусан коммунистазда цIакъ лъикI бичIчIунаан жидеца улкаялда билълъанхъизабулеб политика нухда ине ккани, гIолеб гIел кинаб къагIидаялда куцазе кколебали. Биххана СССР, тIалъиялде рачIараз, демократиялъулаб началихъ гIуцIулебинги абун, бичча-бихъан тана анцI-анцI соназ советияб халкъалъ данде гьабураб магIишатги хвезабуна бук1араб идеологияги. Гьелъул кинаб хIасил ккарабали нилъеда бихьана. Улкаялъе нухмалъулезда бичIчIана гьедин хадусанги букIани, началихъ тIубанго биххизе бегьулеблъиги, халкъ киданиги жидеда тIаса лъугьине гьечIеблъиги, жидер гIумруялъего хIинкъи бугеблъиги. Гьел, хехлъи гьабун, гIолеб гIелалдехун руссана ва гьез гьебгун хIалтIизе байбихьана, щай абуни, гьезда бичIчIана жидеца хьвадизабулеб политикаялъул рахъ ккоелеблъун гIолеб гIел гьабичIони, улкаялъул букIинеселда хIинкъи букIунеблъи.

БатIи-батIиял цIаралги кьун, гIолеб гIелалда гьоркьор гIуцIизе байбихьана цолъаби, багъа-бачариял ва гьел гурел цогидалги.



Гьезул тарихалъулъе нилъ лъугьинаро, дие гьаниб бицен гьабизе бокьун буго ТIолгороссиялдаго лъазабураб лъималазулгун гIолилазул ва жамгIиябгун началихъиияб *«ТIоцересезул багъа-бачари»* гIуцIиялъул нилъер районалда бугеб отделениялъул хIалтIулги гьебгун хIалтIи дандеккезабиялъул Советалъул тIоцебесеб данделъи тIобитIиялъулги хIакъалъулъ.

ЦIалдолезда лъала, тIадехун рехсараб багъа-бачариялда, гьелда цере чIарал масъалабазда, гьелъ тIоритIулел ишазда хурхун, нижеца гIезегIанал макъалаби къватIире риччараблъи.

Араб соналъ районалдаги республикаялдаги тIоритIулел тадбиразда гьоркьоса цIалдохъаби камун рукIинчIин абуни, мекъи ккеларо, гьезда гьоркьор хасаб бакI кколеллъун *«ТIоцересезул багъа-бачари»* гIуцIиялъул гIахьалчагIи рукIанин абизеги бегьула.

Дагьал церегIан къояз районалъул администрациялда тIобитIана рехсараб багъа-бачариялъулгун хIалтIи дандеккезабиялъул муниципалияб Советалъул тIоцебесеб данделъи. Районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И. И. Шабазовасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда бицен ккана *«ТIоцересезул багъа-бачари»* гIуцIиялъул нилъер районалда бугеб отделениялъ араб соналъ гьабураб хIалтIуда ва гIагараб заманалда бетIералде рахъинаризе ккoлел масъалабазда сверухъ. Гьединго, гьениб бицана гьаб соналъул тIоцебесеб кварталалда гьарурал ишазул хIакъалъулъги.

Данделъиялъул гIахьалчагIазе саламги кьун, И. Шабазовас абуна: *«Нилъ киналго нугIзаллъун руго «ТIоцересезул багъа-бачари» гIуцIиялъулъ ругел районалъул цIалдохъабаз гьарурал пайда цIикIкIарал ишазе. КIудияб кIвар нужеца буссинабизе ккола аслияллъун рикIкIунел ва тIолабго Россиялда лъазарурал тадбиразде. Гьезда гьоркьор руго рагъулабгун патриотикияб хIай «Зарница 2.0.», «Ниж-Россиялъул гражданал» паспортал кьеялъул акция, каникулазул заманалда хIухьбахъиялъул лагеразда хIалтIи гIуцIи ва цогидалги ишал. Гьел киналго тIоритIиялъе дица нужее гьарула икъбал, бажари ва битIккей»*, -ан.

Гьеб тадбиралда *«ТIоцересезул багъа-бачари»* гIуцIиялъул бакIалда бугеб отделениялъул председатель Наида Юсуповалъ данделъаразе бицана араб соналъ гьабураб хIалтIул, рукIарал церетIеязул, дандчIварал цо-цо захIмалъабазул ва церечIарал масъалабазул. Гьелъ хасаб тIадчIей гьеиб гьабуна СВОялда гIахьаллъулезе ва гьезул хъизабазе кумек гьабиялда, гьенир гIумруялдаса ратIалъарал, гьезул нахъе ругел кIочон тезе бегьунгутIиялда ва хасаб кIвар рехсаразе кьезе букIиналда.

Гьединго, Наидаца гьениб бицана *«Зарница 2.0.»* хIай тIобитIиялъе бугеб мурадалъул, цере чIарал масъалабазул, гьелъулъ гIахьаллъиялъе рихьизарурал шартIазул ва цогидалъул хIакъалъулъ. Гьелдаго хурхараб кIалъай гьениб лицеялъул мугIалим Исрапил Булатхановасги гьабуна.

Гьай-гьай, гьениб *«Ниж-Россиялъул гражданал»*, *«ТIоцересезул ахIиял»*, *«ТIоцересезул роржухъаби»*, *«Россиялъул школазулаб их»* ва гьел гурел цогидалги ТIолгороссиялъул проектазда гIахьаллъиялъулги бицен гьабуна.

Данделъиялъул ахиралда И. Шабазовас абуна: *«ТIолгороссиялъул «ТIоцересезул багъа-бачари» гIуцIиялъул бакIалда бугеб нилъер отделениялъ араб соналъ гIезегIанаб хIалтIи гьабуна ва гьеб цIакъ кIвар цIикIкIараблъун букIана. ХIажат буго гьабулеб хIалтIи жеги цебетIезабизеги хIасил кьолеблъун букIинабизеги. Божи лъола багъа-бачариялъул гIолохъанал жигарачагIаз тIоритIулел ишал тартибалда нухда иналъе кинабго гьабизе букIиналда»*, -ян.

***Гьумер хIадур гьабуна МухIамад-Шарип ГIабдулашимовас***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гьум. 2 Гьасдаса чIухIизе бегьула
гьум. 3 ТIадаб налъи тIубалаго...
гьум. 4 Сведения

***Инсан ва гIумру***

# Гьасдаса чIухIизе бегьула

Салатавиялъул тарихалъулъ дагьал хъвай-хъваял, биценал гьечIо гьелъул тIабигIаталъул берцинлъиялъулги, гьенир яшав гьабун ругел гIадамазул гIаданлъиялъулги, бахIарчилъиялъулги, ахI-намус цIунун хьвадиялъулги хIакъалъулъ бицунел.

Гьаб заманалдаги, нилъ гьелъие нугIзаллъунги руго, нилъер гIадамаз умумулъ рессун рукIарал лъикIал рахъал рехон тун гьечIо. Гьелъие мисаллъун ккола нилъер гIолохъабаз СВОялда бихьизабулеб бахIарчилъиги бакI-бакIалда ва батIи-батIиял хъулухъазда районалдаса гIадамаз ракIбацIцIад, бажаризабун гьабулеб хIалтIиги.

Рехсараб тасдикъ гьабулел мисалазул цояблъун букIанин абизе бегьула, «Кизлярская правда» газеталда (№9, 29.02. 2024 сон, 6 гьум.) «Новое лицо в научном сообществе Кизляра» цIаралда гьоркь, корреспондент Ирина Кесьяналъ бахъараб макъала. Гьей дандчIван йиго ДГУялъул Гъизляр шагьаралда бугеб филиалалъул директорасул ишал тIуразе тIамурав тарихиял гIелмабазул кандидат, Дилим росулъа АхIмад МухIамадкамилович ШагIбановгун.

Гьоркьехун кьолеб буго гьезул ккараб гара-чIвариялъул таржама.

Иринаца хъвалеб буго: *«Дагъистаналъул началихъияб университеталъул Гъизляралда бугеб филиалалъул, битIун гьенире цIиял студентал росулеб заманалда, директор хисана. Шагьаралъул бищун кIудияб цIалул заведениябазул цояблъун кколеб гьеб филиалалъе нухмалъи гьабизе тIамуна гIумруялъул 47 сон бугев, тарихиял гIелмабазул кандидат АхIмад МухIамадкамилович ШагIбанов.*

*Гьелде щвезегIан гьев ДГУялъул Хасавюрталда бугеб филиалалъул директорасул заместительлъун хIалтIулев вукIана. Ректорасул ишал тIуралевлъун гьев тIамуралдаса бащдаб лъагIел гIун хадусан, АхIмадица бицана кинал хисабасиял гьенир рукIине ругелали»*,-ян.

***Ирина: -КъагIида хIисабалда, академическияб багъа-бачариялда гьоркьоб къватIиса чи жидеда гьоркьове вачIин, захIмат гурони, къабул гьабуларо. Кин дуда бажарараб цадахъ хIалтIулезул дудехунисеб божилъи бижизабун?***

**АхIмад:** - БитIараб буго, дун гIадиназде «варягал»-ан абула. Божилъи бачIинабизе ккани, хIажалъула гIемераб гIетIги захIматги. ТIоцебесеб иргаялда, хал гьабиялде росизе кколеллъун рукIана университет цебетIезабиялъул, студентазе цIалул шартIал лъикIлъизариялъул, гьел гIатIид гьариялъул суалал. Дица гьел дида цере чIарал масъалабазул аслияллъун рикIкIуна ва дун гьезда тIад хIалтIизеги вуго.



Гьеб рахъалде кIвар кьеялде дир пикру буссинабураблъун регионаздагьоркьосеб конференция букIана. БатIи-батIиял тIадегIанал цIалул заведениябазул вакилзаби гIахьаллъараб гьеб данделъиялда гIезегIан пайда кьолел гара-чIварияял рукIана. Гьенир «бегIерго» цере чIарал гIемерал суалалги рорхана.

***Ирина:- Цадахъ хIалтIулезулгун кинал гьоркьорлъаби дур ругел?***

**АхIмад:** -Дир ракI рекъола къватIаб, бажари бугеб, кIвар цIикIкIарал суалал кодореги росун, гьезда тIад хIалтIулеб, хIинкъи гьечIеб командаялда. Рекъон хIалтIиялъ, цо хъизанлъун кколеб букIиналъул бичIчIенкьеялъ хIалтIи цебехун иналъе цIакъ квербакъула. ГьабсагIаталда дир гьаниб бугеб командаялдехун кинаб букIаниги рагIи абизе бакI гьечIо, амма гьабизесеб хIалтIи цебе гIемер буго.

***Ирина: -Дуда кинаблъун бихьулеб ВУЗ цебетIезабиялъул рахъал?***

**АхIмад:** - Цин ругел рахъал къуваталлъун гьаризе ккола, амма гьелъие кьочIое пайдаял рахъал росани, лъикIаб букIина. Гьедин гьабиялъ рес кьела, гьанжесел тIалабазда рекъон, университет цебе иналъе. Гьаб заманалда нилъер ВатIаналъе хIажат руго гьеб цебетIеялъе квербакъулел технологиял, информатизация, гьезул кумекалдалъун гурони, гIумруги цебе тIоларо. Щиб букIаниги цIияб гIуцIизе ва гьабизе ккани, специалистлъун вукIине ккола. Гьелде тIадеги, гьесие хIажалъула IT- технологиязул, экономикаялъул ва юриспруденциялъул лъаял цолъизарун рачин. Ниж хIалтIизе руго цого проекталда тIад гурел, нижеца хIаракат бахъизе буго мультидисциплинарияб алат хIадуризе.

***Ирина: -Гъизляр ва гьелъул район ккола лъаялъул, гьеб босиялъул рахъалъ цогидал бакIаздаса дагьалъ батIияблъун. Гьелда гьоркьоб буго кIудияб проблемаги -гьаниса цогидал бакIазде унел руго бажари бугел гIолилал. Дур пикруялда, щиб гIоларого бугеб университеталъе гIолилал къватIирехун цIализе унгутIиялъе?***

**АхIмад:** - КъватIирехун унел руго, гьезда бажарулеб буго лъай босиялъул рахъалъ тIолабго Россиялъул къецазулъ гIахьаллъизеги бажари букIин гьениб бихьизабизеги. Гьелъ бихьизабула, цогидал бакIаздаса нахъе ккечIого, нилъер школаз, лъайкьеялъул цогидал гIуцIабаз цIалдохъабазе лъай кьолеб букIинги.

Дида кинго бичIчIунаро нилъер гIолилал Москваялъул яги Питералъул вузазде цIализе лъугьин. Лъайкьеялъе киналго вузазда цогояб программаби рукIуна. Цоги, дунялалдаго цIар рагIарал профессорал бакалавралгун гурел, магистранталгунги аспиранталгунги хIалтIула. Гьелъ, лъикIаб букIина «рукъосел» заведениябазда цIалани.

***Ирина: -Мун школалда цIалана квешаллъун рикIкIунел араб гIасруялъул 90-абилеб соназ, ай, цIалиялда-са базар гьаби лъикIаблъун рикIкIунеб заманалда, дуца гуманитарияб махщелги тIаса бищун буго. Гьеб щай?***

**АхIмад:** - Дун гьавуна Казбек районалъул Дилим росулъ. Дир эбел 50-ялдаса цIикIкIарал соназ мугIалимлъун хIалтIана, эмен районалъул администрациялъул жавабиял хIалтIабазда вукIана. Дие рес букIана дирго букIинисеб тIаса бищизе. Школалда дун волейболалъул секциялде хьвадулаан, букIана гьелъул разрядги.

Дун ДГПИялъул социалияб рахъалъул факультеталде лъугьана. Гьеб лъугIун хадув, цо чанго соналъ КЦСОНалдаги хIалтIун, цIидасан цIализе ана. Дица лъугIизаруна ДГУялъул юриспонденциялъулги началихъиябгун муниципалияб управлениялъулги факультетал, хадусан-Дагъистаналъул гIелмияб цIех-рех гьабиялъул централъул институталъул тарихалъулгун археологиялъул ва этнографиялъул аспирантура.

ГьабсагIат дун ккола тарихиял гIелмабазул кандидат ва доцент. МухIилав мугIалимлъиялдаса дун гьел даражабазде щвана.

ДГУялъул Хасавюрталда бугеб филиалалъул директорасул заместительлъун вукIарав дун, араб соналъ гьаб хъулухъалде тIамуна.

***Ирина: -Цере чIарал масъалабазул аслияллъун кинал дуца рикIкIунел?***

**АхIмад:** -Узухъда, тIоцебесеб иргаялда, лъикIлъизабизе ккола филиалалъул материалиябгун техническияб база. Гьединго, гIуцIизе-лъикIал студентал цIализе роси, лицензия босиялъе лъи кIаб хIадурлъи, Яндекс академиялияб лицеялъул хIалтIи лъикIлъизаби, вузазда гьоркьоб бухьен чIезаби ва гь.ц. Къокъгьабун, ВатIаналъе пайда кьолеллъун гIолилал рахъинги нилъер экономика инновационнияб цебетIей щвараблъун лъугьинги дир мурадлъун ккола.

Интервьюялъул ахиралда Иринаца хъвалеб буго:

*«Нилъее хутIула АхIмад МухIамадкамиловичасе гьарулел ишазулъ бергьенлъабигун церетIеялги гьесул рахъ кколеблъун коллектив букIинги гьаризе. Биччанте АхIмадил рахъалда даим рукIине гьарулел ишазулъ таваккал ва битIккей»*, -ан.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

# ЦIияб тIехь цебебахъиялда...

Дагьал церегIан къояз Гуни росдал культураялъул хIалтIухъабаз, ТIолгодунялалъул поэзиялъул къоялда хурхун, т1обит1араб тадбиралда цебе бахъана, *«Дир пикрабазул маргъалазул цIал»* цIаралда гъоркь, росдал шагIир Парихан Меджидовалъ




къватIибе биччараб цIияб тIехь. Гьенир, аслияб къагIидаялда, цIалдохъаби гIахьал гьарунги рукIана.

Данделъиги рагьун ва гьелъул мурадги бицун, культураялъул Рукъалъул хIалтIухъан Бесират Адуевалъ гьениб абуна: *«Париханил кучIдузулъ рихьула гьелъ загьир гьарулел пикрабазул рацIцIалъи, гьезул гIадатлъи ва гъварилъи, гьелъул рекIел гIатIилъи ва инсанасул гIамал-хасияталъулъ рукIине тIадал цогидал лъикIал рахъал. Гьелъ гьенир рагьулел руго ВатIаналде рокьи, умумузул гIадатал цIунизе, гIага-божаралгун, гьудул-гьалмагъзабигун щулияб бухьен букIинабизе, гIадамалгун лъикIлъиялда рукIине ккеялъул рахъал»*, -ан.

КIалъаял гьарурал цогидазги Бесиратил рагIаби тасдикъ гьаруна. Гьай-гьай, кIалъаязда гьоркьор цIалдохъабаз гьенир рикIкIана, ахIана кучIдул ва театралияб сценка бихьизабуна.

Абизе ккола Париханил тIадехун рехсараб тIехь цогояблъун кколарин. 2021 соналда гьелъул *«Дир сонал-дир нухал»* абураб тIехьги къватIибе лъугьун букIана. КIалъазе яхъарай Париханица ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна данделъи гIуцIаразе, гьеб тIобитIиялъе квербакъаразе ва гьелъулъ гIахьаллъаразе.

Гьединго, гьелъ данделъаразе «РекIел гьариял» цIияб тIехьалда тIад хIалтIулей йикIиналъулги жиндаго цере лъурал масъалабазулги бицана.

***Бесират Адуева, Гуни росу***

# Умумузги ЕГЭ кьуна

Нилъеда лъала ЕГЭ ва ОГЭ экзаменазда хурхун, тIолабго улкаялъул халкъалда гьоркьор батIи-батIиял пикраби рукIин. Хал гьабураб заманалда, бищунго цIикIкIун, гьезда тIасан бицен гьабулезул гьезул хIакъалъулъ бичIчIенцин букIунебги гьечIо.

Гьале, цо чанго сон буго ЕГЭгун ОГЭ кьеялъулъ рицунел захIмалъаби гьечIеллъи бихьизаби мурадалда, лъималазго



гIадинал экзаменал кьеялъулъ умумулги гIахьал гьарулеб. Гьедин гьабиялъ рес кьола экзаменал кьеялъулъ ккарал хиса-басиязул хIакъикъат умумухъе щвезабизеги.

Дагьал церегIан къояз, ТIолгороссиялда лъазабураб *«Цадахъ кьолел руго. Умумуз ЕГЭ кьеялъул къо»* акциялъул рахъги ккун, нилъер районалъул умумузда гьоркьобги, тарихалъул ЕГЭялъул къокъаблъун гьабураб вариантталда, экзамен кьей тIобитIана. 8-абилеб нухалда Рособрнадзоралъ тIобитIулеб гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И.И. Шабазов ва депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М. Гьирисханов.

Гьай-гьай, экзамен байбихьилалде гьеб кин тIобитIизе бугеб ва гьелъул тартибалъул баян умумузе гьениб экзаменазул пункталье нухмалъулев МухIамад ГъазимухIамадовас кьуна. Гьединго, гьес умумузе экзаменалда цIунизе тIадал къагIидабазулги гьеб кьеялъулъ хасаб лъайгун бажари хIажалъулареблъиялъулги бицана.

Экзаменги кьун, тIоцеве И. Шабазов къватIиве вачIана. Гьес абуна: *«Дида бихьана гьенир захIматал суалал гьечIеллъиги 3 къиматалда школалда цIаларазда гьеб кьезе бигьаго кIолеблъиги»*, -ян.

***«Салатавия» изданиялдаса босараб***

# Баркалаялъул кагъат

ЦӀалдолезда лъала 2000-абилел соназул байбихьиялда рагъулаб хъулухъалде Дагъистаналъул гӀолилал ахӀиялъулъ кинаб ахӀвал-хӀал букӀарабали ва хадусан гьездехунисеб бербалагьи кигӀаналъ хисарабали. Нижеца арал сонази газетал-да дагьал макъалаби кьечӀо нилъер районалъул гӀолилаз ракӀбацӀцӀад гьабулеб рагъулаб хъулухъалъухъ командованиялъ гьединал гӀолилал куцаралъухъ гье-зул эбел-инсуе, гьел цӀаларал школазе, хъулухъалде ахӀарал военкоматазе ва яги администрациябазе ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабурал кагътал.

Нилъер районалъул администрациялде бачӀараб кагътида Ленинаул росулъа Сусурбиев ХӀабиб ГӀабдулсагӀидовичас хъулухъ гьабулеб рагъулаб часталъул командирас хъвалеб буго: *«Украиналда тӀобитӀулеб хасаб рагъулаб операциялда гӀахьаллъулев нужер рахьцояв, кӀудияв сержант ХӀабиб Сусурбиевас живго цого лъикӀаб рахъалдасан вихьизе гьавулев вуго.*

*Гьев вуго гӀадлу-низам цӀунарав, ракӀбацӀадав, ВатӀан бокьулев рагъухъан. Кьо хӀехьолев ХӀабиб нижеца цадахъ ругел рагъухъабазе кидаго мисаллъунги рехсола.*

*Жиндирго ракӀбацӀцӀадаб рагъулаб хъулухъалдалъун гьес мустахӀикъаб бутӀа лъолеб буго ВатӀан цӀунизе хӀадур вукӀин бихьизабиялъулъги. Украиналда СВО байбихьаралдаса ХӀабибица гьениб гӀахьаллъи гьабулеб буго. Гьеб операциялда бихьизабураб тӀокӀлъиялъухъ гьев «СВОялъул гӀахьалчи» медалалдалъун кӀодоги гьавуна.*

*Рагъулаб часталъул командованиялъ ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабулеб буго нужее ХӀабибие кьураб тарбиялъухъ»,*-ан.

***И.Г.Ем, часталъул командир***

***P.S. Гьеб кагъат районалъул бетӀер ХӀ. ХӀ. Мусаевас 3 апрелалда администрациялда тӀобитӀараб аппараталъул иргадулаб данделъиялъул байбихьиялда ХӀабибил инсухъе кьуна***

# ТӀадаб налъи тӀубалаго...

***Украиналда рагъулаб операция байбихьун заман бахъилалде, «ТӀадаб налъи тӀубалаго...» цӀаралда гъоркь, нижеца байбихьана гьелъулъ тӀокӀлъи бихьизабурал нилъер районалдаса рагъухъабазул хӀакъалъулъ хъвазе, ва редакциялъ бицун букӀана хадусанги гьезул хӀакъалъулъ хъвазе, щайгурелъул, гӀадамазда жидерго бахӀарзал лъазе кколел рукӀун.***

***ЦӀалдолезда лъалеб батила, дора ругезе, гьезулгун гьенир гӀумруялдаса ратӀалъаразул хъизабазе гьабулеб кумекалъул, бахӀарзал кӀочонгутӀиялъе тӀоритӀулел тадбиразул хӀакъалъулъги нижеца, гьоркьобкъотӀи гьечӀого, хъвалеб букӀин. Бицаралъеги хисичӀого, нижеца гьеб тӀубазабулебги буго.***

## Юнус АхӀмадович Сулайманов



гьавуна 1983 соналъ Ленинаул росулъ. 2000 сонада, росдал №2 гьоркьохъеб школа лъугӀизабурав гьев армиялъул мухъилъе ахӀана.

Армиялдаса тӀадвуссун хадув, рукъалъул магӀишаталда тӀад хӀалтӀулев вукӀарав Юнус, 2007 соналъ кьотӀи-къайги хъван, рагъулаб хъулухъалде тӀадвуссана. Гьев гӀахьаллъана Кавказалда тӀоритӀарал терроризмалде дандекъеркьеялъул операциябазулъги. Гьезулъ гьабураб жигараб гӀахьаллъиялъухъ Юнус *«Кавказалъул КТОязул гӀахьалчи»* медалалъе мустахӀикълъана.

Украиналда хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса Ю. Сулайманов гьелъулъ гӀахьаллъулевги вуго. Гьенивги гьес живго вихьизавуна нахъекъай гьечӀев рагъухъанлъунги гӀужилав кьвагьдохъанлъунги (снайпер). РакӀбацӀцӀад гьабулеб рагъулаб хъулухъалъухъ Юнус *«Украиналъул СВОялъул гӀахьалчи»* медалалдалъун кӀодоги гьавуна.

## ГӀумарасхӀаб Салманович Мусавузов



гьавуна 1984 соналъ Калининаул росулъ. 2001 сонада росдал гьоркьохъеб школа лъугӀизабурав гьев, 2002 соналъ Хасавюрталъул педколледжалде лъугьана. Гьенисанго ГӀумарасхӀаб армиялде ана. Гьениб ракӀбацӀцӀадго рагъулаб хъулухъги тӀубазабун тӀадвуссарав гьев, цо чанго соналъ рукъалъул магӀишаталъул батӀи-батӀиял бутӀабазда хӀалтӀулев вукӀана. Гьесда кинго кӀочонел рукӀинчӀо рагъулаб хъулухъалда букӀараб низам, гьелъулъ букӀунеб чӀаголъи ва гьелъ бихьинчиясулъ рукӀине тӀадал хасиятал куцаялъул лъикӀал рахъал.

Гьелъ, 2010 соналъ кьотӀи-къайги хъван, ГӀамарасхӀаб рагъулаб хъулухъалде тӀадвуссана, ва гьев миномётазул наводчиклъун тӀамуна. ГӀумарасхӀабица тӀадкъарал ишал кин тӀуразарулел рукӀаралали бихьизабула *«Рагъулал ишазул гӀахьалчи», «ГӀарадабазул аскаразда хъулухъ гьабиялъул отличник»* медалаз. Украиналда хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса ГӀ. Мусавузов гьелъулъги гӀахьаллъулев вуго ва гьев гьенив *«Украиналъул СВОялъул гӀахьалчи»* медалалъе мустахӀикълъана.

## Джамал МухӀамадхӀабибович ГӀабдулхаликъов



гьавуна 1987 соналъ Хасавюрт шагьаралда. Гьесул умумул ккола Алмахъ росулъа. 2004 сонада шагьаралъул №13 школа лъугӀарав гьев, 2005 соналъ армиялъул мухъилъе ахӀана. Рагъулаб хъулухъалда Джамалица живго бажари бугев ва гьаялъе ритӀухъав рагъухъанлъун вихьизавуна.

Армиялдаса тӀадвуссун хадув, Джамал ракӀалъ кинго толев вукӀинчӀо рагъулаб хъулухъалде тӀадвуссинчӀого, гьелъ гьев, 2009 соналъ, хъван кьотӀи - къайгун, гьелда тӀадвуссана.

Рагъулаб хъулухъалъул хӀалбихьи бугев Д. ГӀабдулхаликъов оперативияб хъулухъалъул ротаялъул отделениялъул командирлъун тӀамуна. 2022 соналъ Украиналда хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса Джамал рагъухъабазул цебесеб кьердаги вуго. Гьеб операциялда нахъекъайги хӀинкъигьечӀолъиги бихьизабуралъухъ гьев *«Украиналъул СВОялъул гӀахьалчи»* медалалъе мустахӀикълъана.

## Салим Сайродинович АбутӀалипов



гьавуна 1990 соналъ Калининаул росулъ. 2006 соналъ Тамазатюбе росдал гьоркьохъеб школаги лъугӀизабун, гьев рукъалъул магӀишаталъул хӀалтӀаби гьарулев вукӀана. Абизе ккола, кӀудиял умумуздаса байбихьун, гьезул хъизан букӀанин захӀмат бокьулебльунги кинаб букӀаниги хӀалтӀудаса нахъе къаларебльунги.

Рагъулаб хъулухъалде ине заман тӀаде щварабго,Салим армиялде ана, ва, ракӀбацӀцӀад гьеби тӀубазабун, тӀадвуссана. Салимие ракӀалъ хӀалхьи толеб букӀинчӀо рагъулаб хъулухъалде тӀадвуссинчӀого, ва гьев, кьотӀи-къайги хъван, гьелъулъе лъугьана.

Салимида тӀадкъана сапёрасул (минаби, фугасал ва цогидалги кьвагьулел алатал зарал гьабиялдаса рахъулев чи) хӀалтӀи. ГӀадамасул гӀумруялъе гьеб хӀалтӀул бугеб хӀинкъиялъул бицуна гӀурусазул *«Сапёрасул цо нухалда гурони, гьалатӀ кколаро»,* -ян абиялъ.

Украиналда СВО байбихьарабго, Салим гьенив гӀахьаллъизе ана. Гьес ракӀбацӀцӀадго хъулухъ тӀубазабулеб букӀиналъе нугӀлъи гьабула гьесие щварал *«Минаби рахъиялъухъ», «Рагъулал хъулухъазухъ», «Рагъулал тӀокӀлъабазухъ», «Украиналъул СВОялъул гӀахьалчи»* ва Жуковасул медалаз.

## МухӀамад Ражабович Халинбегов



гьавуна 1984 соналъ Калининаул росулъ. 2001 соналъ, лъикӀал къиматаздалъун, росдал гьоркьохъеб школаги лъугӀизабун, гьев Дагъистаналъул росдал магӀишаталъул академиялде лъугьана. 2006 соналъ гьеб лъугӀарав МухӀамад армиялде ахӀана.

2007 соналъ, хъван кьотӀи-къайгун, гьев рагъулаб хъулухъалде тӀадвуссана. МухӀамад Чечнялда букӀараб рагъулаб частталде кканa. Хъулухъалде бугеб ракӀбацӀцӀадаб бербалагьиги бихьун, гьев отделениялъул командирлъун тӀамуна. Украиналда хасаб рагъулаб операция байбихьарабго, гьезул часть гьенибеги битӀана.

Цо чанго тунка-хӀусиязулъ рихьизарурал тӀокӀлъабазухъ М. Халинбегов II ва III даражабазул *«Хъулухъалъулъ тӀокӀлъабазухъ»* каранда ралел гӀаламатазеги *«Украиналъул СВОялъул гӀахьалчи»* медалалъеги мустахӀикълъана.

## МухӀамадрасул Якъубович Абужанатов



гьавуна 1990 соналъ Калининаул росулъ. 2003 соналъ росдал гьоркьохъеб школалда 9 класс лъугӀарав гьев, Дилималда бугеб ДОСАА- Фалъул шоферзаби хӀадур гьарулел курсазде лъугьана. Гьел лъугӀун хадусан МухӀамадрасул батӀи-батӀиял хӀалтӀаби гьарулев вукӀана.

Росдал гӀадамазда МухӀамадрасул ракӀбацӀцӀадав, гӀодобе биччараб гӀамалалъул гӀолилавлъун лъала. СВОялда гьесда цадахъ ругелги гӀолилазги гьеб ритӀухъаблъун гьабуна.

2009 соналъ гьев рагъулаб хъулухъалде ахӀана. Гьебги тӀубазабун тӀадвуссарав гьесие гьелда тӀадвуссине бокьана. Гьелъ, кьотӀи-къайги хъван, 2010 соналъ МухӀамадрасул рагъулаб хъулухъалде лъугьана.

2022 соналъ Украиналда СВО байбихьарабго МухӀамадрасул гьенивe кканa ва гьев БТРалъул шоферлъун хӀалтӀулев вуго. Гьениб ракӀбацӀцӀад гьабураб рагъулаб хъулухъ тӀубаялъухъ МухӀамадрасул Абужанатов *«Украиналъул СВОялъул гӀахьалчи»* медалалъе мустахӀикълъана.

***МухӀамадгӀазиз ХӀамидов***

# Сведения

**об исполнении бюджета МР "Казбековский район" по доходам и расходам за 1 квартал 2024года**

| Доходы | | |
|---|---|---|
| Наименование доходов | назначено на год (тыс.) руб. | исполнено за 1кв.(тыс.) руб. |
| 1. Налоги на прибыль (подоходный налог) | 118951,0 | 25776,5 |
| 2. Налоги на совокупный доход | 12293,0 | 518,0 |
| 3. Акцизы | 22730,6 | 5780,6 |
| 4. Государственная пошлина | 2323,0 | 459,1 |
| 5. Неналоговые платежи | 15341,0 | 2522,6 |
| 6. Дотация бюджетам мун. района | 217539,0 | 36257,0 |
| 7. Субсидии бюджетам мун. района | 74965,7 | 9129,6 |
| 8. Субвенции бюджетам мун. района | 790978,3 | 191861,3 |
| 9. Доходы бюджета мун.района от возврата субвенций, субсидий и иных межбюджетных трансф. имеющих целевое назначение | | 483,9 |
| 9. Иные межбюджетные трансферты | | |
| 10. Возврат остатков субсидий и субвенций в республиканский бюджет, имеющих целевое назначение | | -2143,6 |
| **Итого доходы бюджета** | **1255121,6** | **270645,0** |
| Расходы | | |
| Наименование расходов | назначено на год (тыс.) руб. | исполнено за 1кв.(тыс.) руб. |
| 1. Общегосударственные вопросы | 85718,0 | 27082,0 |
| 2. Национальная оборона | 2878,0 | 719,5 |
| 3. Национальная безопасность и правоохранительные органы | 4765,6 | 983,4 |
| 4. Национальная экономика | 52450,7 | 2810,5 |
| 5. Жилищно- коммунальное хозяйство | 13203,7 | 248,2 |
| 6. Образование | 949837,6 | 214520,1 |
| 7. Культура, кинематография | 17345,6 | 3509,6 |
| 8. Социальная политика | 10683,6 | 823,9 |
| 9. Физическая культура и спорт | 36435,6 | 7266,1 |
| 10. Средства массовой информации | 9143,0 | 1852,3 |
| 11. Безвозмездные перечисления бюджетам поселений | 87278,0 | 14911,0 |
| **Итого расходы бюджета** | **1269739,4** | **274726,6** |

***Раип Гаджиев, руководитель финансового управления МР "Казбековский район"***

# Минприроды РД уведомляет...

В соответствии с Федеральным законом РФ от 23.11.1995 года № 174-ФЗ *«Об экологической экспертизе»,* Требований к материалам оценки воздействия на окружающую среду, утвержденных Приказом Минприроды России от 01.12.2020 года № 999 *«Об утверждении требований к материалам оценки воздействия на окружающую среду»,* Министерство природных ресурсов и экологии Республики Дагестан уведомляет о сроках проведения общественных обсуждений оценки воздействия на окружающую среду, включая материалы, обосновывающие лимиты и квоты добычи охотничьих ресурсов на период с 01 августа 2024 года по 01 августа 2025 года на территории охотничьих угодий Республики Дагестан.

Заказчик материалов обоснования лимитов и квот добычи охотничьих ресурсов на период с 01 августа 2024 года по 01 августа 2025 года на территории охотничьих угодий Республики Дагестан, а также оценки воздействия на окружающую среду намечаемой хозяйственной деятельности – Министерство природных ресурсов и экологии Республики Дагестан;

- ОГРН: 1070562000959 ИНН — 0562066962;

-Адрес: 367000, РД, г. Махачкала, ул. Абубакарова, 73;

-Тел.: (8722) 671240, 672957;

-E-mail: minprirodi@e-dag.ru

- ответственное лицо за организацию общественного обсуждения: Заместитель начальника Управления охраны объектов животного мира Минприроды РД – Плакса Денис Сергеевич;

-наименование планируемой (намечаемой) хозяйственной и иной деятельности: Обоснование лимита и квот добычи охотничьих ресурсов в предстоящий сезон охоты 2024-2025 годов на территории охотничьих угодий Республики Дагестан;

Цель планируемой (намечаемой) хозяйственной и иной деятельности:

-целью реализации, планируемой (намечаемой) хозяйственной и иной деятельности, является регулирование использования охотничьих ресурсов в Республике Дагестан в объемах, позволяющих обеспечить их видовое разнообразие и сохранить их численность в пределах, необходимых для их воспроизводства.

Предварительное место реализации, планируемой (намечаемой) хозяйственной и иной деятельности:

-охотничьи угодья общего пользования по районам РД, закрепленные охотничьих угодья и вновь созданные охотничьи угодья;

Планируемые сроки проведения оценки воздействия на окружающую среду: срок проведения оценки воздействия на окружающую среду с 28 марта 2024 года по 6 мая 2024 года.

Место и сроки доступности объекта общественного обсуждения:

Желающие стать участниками общественных обсуждений оценки воздей-ствия на окружающую среду, включая материалы, обосновывающие лимиты и квоты добычи охотничьих ресурсов на период с 01 августа 2024 года по 01 августа 2025 года на территории охотничьих угодий Республики Дагестан, могут быть любые физические и юридические лица, общественные организации, представители научного сообщества и иные лица. Минприроды РД – 06.05.2024 г., 11 ч. 00 мин.

Предполагаемая форма и срок проведения общественных обсуждений:

Форма проведения:

-общественные слушания.

-желающие внести свои предложения и рекомендации по обсуждаемым вопросам, а также стать участниками общественных обсуждений, могут осуществить это любым доступным способом в указанный период и в назначенный день слушаний в Министерстве природных ресурсов и экологии Республики Дагестан, конференц-зал, 2-й этаж, по адресу: 367000, РД, г. Махачкала, ул. Абубакарова, 73;

начало проведения общественных слушаний – 06.05.2024 г., 11 ч. 00 мин.

С предварительными материалами оценки воздействия на окружающую среду, включая материалы, обосновывающих лимиты и квоты добычи охотничьих ресурсов в предстоящий сезон охоты 2024-2025 годов на территории охотничьих угодий Республики Дагестан, можно будет ознакомиться на официальном сайте Министерства природных ресурсов и экологии Республики Дагестан по адресу: www.mprdag.ru, не позднее чем за 3 календарных дня до начала планируемого общественного обсуждения таких материалов.

# ГIемер бицунеб ва хъвалеб букIаниги...

Информациялъул алатаздасан (Интернет, телевидение, радио, газета ва гь.ц.) нилъеда бихьула ва рагIуна, хасго рукъзабахъ хинлъи чIезабизе кколеб заманалда ва гIумруялъегун бугалъиялъе хIинкъигьечIолъи чIезаби мурадалда щиб гьабизе тIадаб бугебали малъулеб. КигIан хъвалеб ва бицунеб бугониги, газалдасанги токидасанги кколел балагьал лъугьа-бахъинал гьоркьор къотIулел гьечIо. Гьезие гIайиблъунги нилъерго тасамахIлъи кколеб буго.

Падамазда кинго бичIчIунеб гьечIо ток ва газ цIикIкIараб хIинкъи бугеллъун кколел рукIин. Газидасан цIаккеялъе гьитIинабго цIадул пирхи(искра) гIола ва гьелъ кьолеб зарал цIикIкIараб букIуна.

Газалдалъун балагьал лъугьа-бахъиназул къадар дагьлъулеб гьечIолъиялъ, районалъул администрациялъ, газалъул магIишаталъ, «ПЧ-42» цIаккеялдаса цIуниялъул гIуцIиялъ цо чанго нухалда районалъул гIадамазда лъазабуна токалдасан ва газалдалдасан цIаккеялдаса цIуниялъе щиб гьабизе кколебали.

Гьоркьехун, цоги нухалдаги тIадруссун, нижеца кьолеб буго газалдалъун цIаккеялдаса цIуниялъе гьаризе тIадал тадбирал.

1. Падамазда тIадаб буго газалъул алатазда, кIкIуй иналъе чIезарурал тIалидабазда, вентиляциялъул мухъазда хадуб хал кквезе, зама-заманалда гьезие бихьизабураб хъулухъ гьабизе.

2.Газ рукъобе бачарал трубаби, жаниб рахъалъ ругел гьелгун шлангал токил алатаздаса дорегIан рукIине ккола.

3. Рукъоб газалъул махI бачIани, токил кинаб букIаниги алат хIалтIизабизе бегьуларо (лампочка бакизецин), хехлъи гьабун, гордал, нуцIбиги рагьун, цIияб гьава жанибе биччазеги газ нахъе инабизеги хIаракат бахъизе ккола.

4. Газил алат хIалтIизе биччарабго, гордо яги форточка рагьун рукIине ккола.

5. Газил алатал лъезеги гьезие хIажатаб ремонт гьабизеги гьелъие рихьизарурал специалистал ахIизе тIадаб буго.

6. Сертификат гьечIел, лъикI хIалтIуларел газил алатал рукъор лъезе гьукъун буго.

7.Трубабаз, шлангаз ва газил алатаз гьеб биччалеб бугищали нилъецаго хал гьабизе бегьуларо.

8. Писинал лъимал газил алатазде аскIореги гьеб хIалтIизабизе тIамизеги гьукъун буго.

9. Газил, токил алатазда гIагарда ретIел-хьит яги цогидаб бакъвазе лъезе бегьуларо.

10. Газида хурхараб щиб букIаниги хIалтIизабиялъулъ, гъалатIги ккун, гьеб битIизабизе нужго лъугьине бегьуларо, хехлъи гьабун, цIаккеялдаса цIуниялъе тIадехун рехсарал тадбиралги гьарун, гьал номеразде (04, 104, 112) ахIизе ккола.

11. Газгун ток хIалтIизе гьабулезда тIадаб буго гьезул гIуцIабазулгун къотIикъаял хъвазе. КъотIи-къаяз рес кьезе буго газил, токил мухъазе, алатазе заманалда техническияб хъулухъги ремонталги гьаризе.

КIочонге, газ кьвагьиялдалъун нужго, нужер хъизаналда ругел, жеги мадугьалзабицин гIумруялдаса ратIалъизеги гIумруялъ данде гьабураб магIишаталдаса махIрумлъизеги бегьулеблъи.

***Районалъул газалъул магIишат***

# Поставщик газа обращается к абонентам оплатить за поставленный ресурс

ООО *«Газпром межрегионгаз Махачкала»* напоминает о необходимости расчётов за газ, строгого соблюдения платёжной дисциплины и регулярной оплаты за потребленный газ до 10 числа каждого месяца. Оплатить за газ БЕЗ КОМИССИИ можно с помощью мобильных приложений *«Газ Онлайн»* и *«Мой Газ»*, либо через *«Личный кабинет абонента»* на сайте ООО *«Газпром межрегионгаз Махачкала»* https://mkala-mrg.ru/.

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**

Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 13.30

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1461, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**